Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 12 (6800) 28 март 2022 с. Итни ШагIбан 1443 с. Багьа - эркенаб

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## Гъоркь Инхо – Республикаялъулаб росдал магIишаталъул базар

**«Бакълъулазул дерец» пресс-тур, ДНРялъе, ЛНРялъе кумек, «Оцбай»**

**Бакълъул районалъул Гъоркь Инхо росулъ муниципалитеталъул администрациялъул ва Дагъистаналъул Минсельхозпродалъул жигаралдалъун Республикаялъулаб росдал магIишаталъул «Бакълъулазухъ гьабураб» абураб базар тIобитIана. ДРялъул ХIукуматалъул хIукмуялда рекъон гьединал базарал республикаялъул цогидал муниципалитетаздаги гIуцIизе руго Дагъистаналъул экономика цебетIезе мурадалда.**

Базаралда кIалъазе вахъана районалъул бетIер Гъалип Гъалипов, Дагъистаналъул росдал магIишаталъул ва кванил сурсатазул министрасул заместитель Зураб Куччаев, «Россельхозбанк» АОялъул регионалда бугеб отделениялъул вакил Намик ГIабдулаев, Бакълъул районалъул росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимов, Ставрополь мухъалъул Муфтиясул заместитель, гIелмабазул доктор Шигьабудин ХIусенов, ЦIияблак районалъул УСХялъул нухмалъулев НурмухIамад НурмухIамадов ва цогидал.

Жиндирго кIалъаялда муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас баян гьабуна Бакълъул мухъалда багьаби цо хIалалда чIезариялъе ва кванил нигIматазул хIинкъи гьечIолъиялъе хIалтIи гьабулеб букIиналъул. «Бакълъулаз, кидаго гIадин, жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго ВатIаналъул гIорхъи ва цогидал кIвар бугел рахъал цIунизе. Нус-нус соназ бакълъулаз цебетIезабуна хурухъанлъи, ахихъанлъи, гIияхъанлъи.

Районалъул гIадамаз гIезарула ва Россиялъул шагьараздеричизеритIула рацIцIадго гIезарурал нигIматал, нилъеца къиматаб бутIа лъола улка кванил нигIматаздалъун хьезабиялъе. Нилъер магIишатал тIолгороссиялъул, республикаялъул къецазулъ бергьана ва призераллъун рахъана. Жакъа гьаб Республикаялъулаб «Бакълъулазухъ гьабураб» абураб базаралдаги рихьизарун руго химикатал гъорлъ гьечIел нигIматал»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путинил сиясат, РФялъул рагъулал аскараз Украина неофашистаздаса эркен гьабизе мурадалда тIобитIараб хасаб операция ритIухъ гьабиялда бан гIуцIараб Республикаялъулаб росдал магIишаталъул базаралда чуязулаб инги тIобитIана. Гьенив гIахьаллъана Килалъ росулъа 69 сон барав машгьурав махщелчи ГIумар ХIандулаевги. Базаралъул программа букIана цIакъ берцинаб ва балагьаразе асар гьабулеб. Гьедин, хъилалда тIад лъималаз рахъана ВатIан бокьиялъулал суратал.

Республикаялъул ва муниципалитеталъул тIалъиялъул вакилзабаз даран-базаралъул байдабазул халгьабуна, ричарухъабазулгун кIалъай гьабуна, миллияб кванил ва цогидаз. Гьединго Гъоркь Инхо тIобитIараб Республикаялъулаб росдал магIишаталъул базаралда «Гумбет» РИОялъ «Российская газета» басмаялъул, РГВК «Дагъистан» каналъул ва цогидал журналистазул гIахьаллъигун «Бакълъулазул дерец» абураб пресс-турги тIобитIана.




хIалбихьана. Гьединго базаралда Донбассалъул гIадамазе гуманитарияб кумекги бакIарана. Администрациялъул вакилзабаз, росабазул бегавулзабаз, хурухъабаз, ахихъабаз ва цогидал бакълъулаз ДНРялъул ва ЛНРялъул гIадамазе ханжу, чакар, нах ва гь. ц. нигIматал росана.

Гьеб къо берцин гьабуна рохалилаб байрам «Оцбай» тIобитIиялъги. ТIоцебесеб рахъ бахъана хIалбихьи бугев векьарухъан, Бакълъул районалъул депутатазул Собраниялъул депутат МухIамад ГIизудиновас. Хадуб рахъал рахъана муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас, Минсельхозпродалъул вакилзабаз ва цогидаз.

Гъоркь Инхо росулъ цересел соназ тIоритIарал росдал магIишаталъул базаралги гьединго къиматаб даражаялда гIуцIун рукIана.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**ГИС ЖКХялде баянал роси – гIумрудул шартIал лъикIлъи**

- 2 гьум.




**МелъелтIа – Россельхозбанкалъул банкомат**

- 2 гьум.



**ГIабдурашид ХIажиев: «БитIун как бай буго щибав бусурманчияс кIвар буссинабизе кколеб ва жинда гъорлъ хвасарлъи бугеб иш»**

- 2 гьум.



**Бакълъулазул маданияталъул церехъаби**

- 3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса Пали-хIажи



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТIАЛАБАЗДА

## ГИС ЖКХялде баянал роси – гIумрудул шартIал лъикIлъи

**2022-абилеб соналъул 23-абилеб марталда «Бакълъул районалъул» администрациялда тIобитIана хIалтIулаб дандеруссин начализъияб информациялъулаб системаялда (ГИС ЖКХ) муниципалатеталъул идарабаз ва гIадамаз хъвай-хъвагIай гьабиялъул суалал гьоркьор лъураб.**

Тадбир рагьана ва бачана районалъул бетIерасул заместитель МухIамад КаримухIамадовас. Данделъиялда гIахьаллъана Бакълъул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, муниципалитеталъул администрациялъул экономикияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидов, росдал магIишаталъул идараялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимов, финансовияб управлениялъул, гIадамазе социалияб хъулухъ гьабиялъул идараялъул вакилзаби ва цогидал.

«ГИС ЖКХялда хъвай-хъвагIай гьабиялъ гIадамазе рес щола жидеца бухIараб токалъухъ, тIабиягIияб газалъухъ гIарац рокъоса къватIирего инчIого къезе, нагагь гIарац мекъи нужеда тIад къотIун батани, коммуналиял хъулухъал гьарулел идарабазде гIарза битIизе телефоналдасанго.



Социалияб хъулухъ халкъалъе гьабулеб идараялъги тIалаб гьабула ГИС ЖКХялдасан бухIараб токалъухъ, тIабигIияб газалъухъ кьураб гIарцул баянал, ветеранazул, лъимал гIемерал улбузул ва цогидал субсидия щолезул хъулухъ тIубазе мурадалда»,- ян бицана Хайрудин Халидовас.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас цере лъурал масъалабазул цояб ккола ГИС ЖКХялде баянал хехго роси.

**«Гумбет» РИО**

ГIУМРУДУЛ ШАРТIАЛ ЛЪИКIЛЪИ

## МелъелтIа – Россельхозбанкалъул банкомат

### ГIарцул операциял гьаризе санагIалъаби

**Дагъистаналъул Бакълъул мухъалда бугеб МФЦялъул филиалалда хIалтIулеб буго Россельхозбанкалъул цIияб банкомат, хIажатал финансовиял операциял гьаризе рес буго гIадамазе. Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул жигаралдалъун муниципалитеталъул администрациялъ гъункараб цадахъаб хIалтIи гьабулеб буго Дагъистаналъулаб регионалияб АО «Россельхозбанк» филиалалъул вакилзабазулгун.**



ГIарац бахъизе, цогидахъе битIизе ва гь. ц. операциял лъикI тIуразе санагIалъаби чIезарун руго. Гьеб банкалъулгун хурхен бугел бакълъулал рази руго зе чIезарун ругел шартIаздаса. Гьедин, МелъелтIа росдал аслияб школалъул мугIалим Рамазан ГIабдурахIмановасул рагIабазда рекъон, цIияб Россельхозбанкалъул банкомат районалъул централда лъей гIадамазе кIудияб пайда бугеб иш ккола.

**Макка МухIамадова**

## МаданияталъуI хIалтIухъабазда баркула

**Щибаб соналъул 25 марталда маданияталъул хIалтIухъабаз кIодо гьабула жидерго байрам – Россиялъул маданияталъул хIалтIухъанасул къо. Гьелда хIалтIулъ лъикIал хIасилалгун дандчIвай гьабуна нилъер районалъул маданияталъул хIалтIухъабазги. Гьез кIудияб кIвар буссинабун буго маданиял учреждениязда гIадамазе хIухьбахъиялъе батIи-батIиял тадбирал тIоритIиялде. РакI-ракIалъ баркула районалъул маданияталъул хIалтIухъабазда профессионалияб байрам. Гьарула щивасе щулияб сахлъи, талихIаб, рохалилаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер Гъалип Гъалипов**

ДИНАЛЪУЛЪ БУГО ХВАСАРЛЪИ

## ГIабдурашид ХIажиев: «БитIун как бай буго щибав бусурманчияс кIвар буссинабизе кколеб ва жинда гъорлъ хвасарлъи бугеб иш»

### Как баялъул къецалъулъ бергьаразе шапакъатал, бачIунеб Рамазан моцI кIодо гьаби

**Араб анкьалъ Бакълъулазул районалъул администрациялъул дандеруссиназул кIалгIадухъ тIобитIана тIаде щолеб Рамазан моцIалъул хIурматалда ва битIун как баялъул къецалъул бергьенлъи щваразе ва призовиял бакIал ккуразе шапакъатал кьеялъул районалъулаб мажлис. Тадбир рагьана ва бачана Бакълъул районалъул имамзабазул гIуцIиялъул нухмалъулев ГIабдурашид ХIажиевас.**



«Ассаламу гIалайкум хIурматиял бакълъулал ва гьалбал! ТIоцебесеб иргаялда Аллагьасе рецц гьабизе бокьун буго нилъее кьуралщинал нигIматазухъ. Гьадинал мажлисал, диниял къецал гIуцIизе рес букIинги кIудияб сайгъат буго Аллагьас нилъее гьабураб. Хирияв диналъул вацал ва яцал, нилъеца хIаракат бахъизе ккола къиматаб даражаялда Аллагьас тIад лъураб налъи тIубазе. ГIужда ва битIун как бай буго щибав бусурманчияс кIвар буссинабизе кколеб ва жинда гъорлъ хвасарлъи бугеб иш. Гьединлъидал Дагъистаналъул Муфтияталъул лъазабиялда рекъон ва гIун бачIунел гIелазул дин цебетIезабиялде, как баялде, Къуран цIалиялде рокьи цIикIкIине мурадалда районалда гIуцIун букIана как баялъул конкурс»,- ян бицана ГIабдурашид ХIажиевас.

Мажлисалда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул машгьурав гIалимчи КIикIуниса ГIалихIажияс, исламиял гIелмабазул доктор ГьазимухIамад Абакаровас. Гьез бакълъулазе баян гьабуна бацIцIадаб нияталъул бугеб кIвараллъул, Аллагьасул разилъи тIалаб гьабиялъулъ бугеб кIодолъиялъул, диналъул вацазе ва яцазе кумек гьабиялъулъ бугеб хвасарлъиялъул. Гьединго кIалъазе вахъарав ТIад Инхо росдал имам ХIамзатов СайгидхIусеница бицана конкурс гIуцIиялъул хIакъалъулъ, Бакълъул районалда бугеб «Инсан» фондалъул филиалалъул нухмалъулев Камил Якъубовас гьабураб хIалтIул ва дандчIвалел захIмалъабазул рехсана, гьединго фондалъе кумек гьабизе тIоцебесеб кьерда кидаго ратулезе шапакъатги кьуна.

Как баялъул конкурсалъул хIасилалда руччабазда гьоркьоб гьадинал хIасилал ккана: цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана Асият МухIамадрасуловалъе (Гъоркь Инхо), 45 соналде рахинчIезда гьоркьоб тIоцебесеб бакI босана РахIмат МухIамадовалъ (ЦIияб Аргъвани), 45 соналдаса тIадехун аразда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Напилат КарахIмаева (ЦIилик).

Бихьиназул хIасилал: цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI босана МухIамад МухIамаднуровас, 45 соналде рахинчIезда гьоркьоб – Гъазгерей Гъазгереевас, 45 соналдаса тIадехун аразда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана МухIамадрасул ГIабдулатIиповасе. Бергьенлъи босарал ва къиматал бакIал щварал кIодо гьаруна дипломаздалъун ва къиматал сайгъаталдалъун. Гьединго тадбиралда шапакъатал кьуна бищун кIудияв ва бищун гьитIинав гIахьалчи абураб номинациялдаги. Мажлисалде рачIаразе лъикIаб асар гьабуна берцинал нашидал ахIиялъ.

**Зугъра ГIабдулкъадирова**

ПИХЪИЛ БАЧIИН ГЬАРЗАЛЪАГИ

## Рахъалги къачIана, мугъги бана

### ЧIиркъатIа тIобитIана лъалъадиялъул рахъил къоялъул байрам

**Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росулъ щибаб соналъ кIодо гьабула лъалъадиялъул рахъил къоялъул байрам. Гьеб ихдалил байрам тIобитIана гьаб соналдаги. Тадбир гIуцIана ва тIобитIана росдал администрациялъул, районалъул маданияталъул ва лъайкьеялъул идарабазул хIалтIухъабаз, ЧIиркъатIа росдал жамагIаталъ ва руччабаз.**



Ихдалил захIматалъулаб байрамалъул къоялъ ахакье лъалъадизе лъим чвахулел рахъал къачIана, къищни-къулалдаса сверухълъи бацIцIад гьабуна. Рахъал къачIаялдаса хадуб кваназе кьуна цIоросаролъ, ролъ, багIаргьоло, хилъало, бакъвараб гьан бельинабун хIадурараб мугъ. Кидаго гIадин, жигараб хIалтIиги лъикIаб хIухьбахъиги гьабуна чIиркъдерица.

**«Гумбет» РИО**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ

# Хехаб кумекалъухъ баркала

**Ассаламу гIалайкум росдал жамагIат! Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе росдал гIолохъабазе, МелъелтIа росулъ бугеб № 45 пожарнияб часталъул хIалтIухъабазе нижее къварилъи ккараб**



**къоялъ квербакъаралъухъ, бихьараб гIакъубаялъухъ. Гьарула киназего щулияб сахлъи, талихIаб гIумру, Аллагьас цIунаги балъгоял балагьазда. Ниж чIухIарал руго ккараб къоялъ кумек гьабун ниж гIадахдараз къорщичIого, кумек гьабулел росдал гIолохъабаздаса!**

Жеги баркала кьезе бокьун буго Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул вице-спикер АхIмадов СайгидахIмад СалихIовичасе жинца районалъе нухмалъи гьабулеб заманалда Бакълъул мухъалда цIа свинабиялъул идара рагьизе бахъараб хIаракаталъухъ. Халкалъе цIакъ кIудияб пайда ккана МелъелтIа росулъ гьеб идара букIиналдалъун. Гьарула СайгидахIмад СалихIовичасе щулияб сахлъи, сундулъго битIккей ва кинабго лъикIабщинаб.

**МухIамад**
**Зайидхановасул хъизан**

РИТМ ГУМБЕТА

# Гумбетовцы изъявили желание благоустроить памятник воинам Великой Отечественной войны

**В результате общественного слушания жителями села Мехельта Гумбетовского района принято решение в рамках реализации программы «Местные инициативы» на конкурсный отбор представить проект капитального ремонта памятника участникам Великой Отечественной войны в целях сохранения культурно-исторического пространства, истории ветеранов и участников Великой Отечественной войны, благоустройства общественной территории, где проводятся праздничные и патриотические мероприятия.**




В настоящее время администрацией муниципалитета подготовлены необходимые документы и подана заявка на участие в программе «Местные инициативы». Общая сметная стоимость проекта – 4 366 070 рублей, из которых – 698571 руб. средства меценатов, а также район планирует выделить около 300 000 рублей.

Отметим, что глава МР «Гумбетовский район» Галип Галипов уделяет пристальное внимание реализации федеральных и республиканских программ. Под его руководством проводится комплексная работа по реализации проектов и программ, направленных на благоустройство и ремонт социально-значимых объектов на территории муниципалитета.

**РИО «Гумбет»**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Бакълъулазул маданияталъул церехъаби

### Маданиябгун тарихияб ирс цIунизе, рухIияб рахъ бечелъизе мурадалда

**Араб анкьалъ жидерго махщалилаб байрам кIодо гьабуна Бакълъул районалъул маданияталъул хIалтIухъабаз. Гьеб идара ккола жигарго хIалтIулезул цояблъун. Муниципалитеталда байрамал къиматаб даражаялда тIоритIизе, гIун рачIунел гIелазул битIараб пикру бижинабиялъе ва гь. ц. хIаракат бахъула гьез. Бакълъулазул маданияталъул идараялъул вакил Бика ГIабдулхIалимовалъ «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъе къокъго баян гьабуна 2021-2022-абилел соназ гьабурал хIалтIабазул.**

«Маданияталъул хIалтIухъабазда нухдаинабизе кколеб хIалтIул бицун хIалго кIоларо. Нижеца кIвар кьола бакълъулазул художествияб творчествоялде рокьи цIикIкIинабиялде, маданиябгун тарихияб ирс, умумузул гIадатал цIуниялде. Гьеб мурадалда лъагIалил планалда рекъон 2021-абилеб соналъ тIобитIана аслиял байрамазда хурхун 26, маданияталъул идарабазда 1200 тадбир, тIобитIана лъагIалил хIалтIул хIасилал рихьизариялда тIасан концерт. ГIахьаллъана «КочIохъаби ГIахьвахъ ракIарана», «Бергьенлъиялъул салют», «Дир росдал гIадатал», «Кайтагалъул тIагIамал», «РекIел бакъан рекъонккей» ва цогидал муниципалиял ва регионалиял фестивалазулъ, къецазулъ. Лъабабилеб сон буго нижеца районалда «Умумузул ирс» абураб республикаялъулаб фестиваль тIобитIизе байбихьаралдаса.

Гьедин, 2021-абилеб соналъул 18-абилеб сентябралда ДАССРалъ нусго сон тIубаялъул хIурматалда ва Россиялъул искусствоялъул мустахIикъав хIалтIухъан, лъималазулгун гIолилазул къурдулаб «ВатIан» къокъаялъул нухмалъулев, Бакълъул районалъул ЛъаратIа росулъа ГIали МухIамадгIалиевасул творческияб хIалтIул 55 сон тIубаялда хурхун республикаялъулаб «Умумузул ирс» абураб къурдулаб конкурс-фестиваль тIобитIана. Районалда гIуцIарал тадбирал ГЦТКНРялъул нухмалъулев, ДРалъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул фильмал рихьизариялдалъун байбихьи гIадатлъун лъугьун буго.

АхIмадибировасул «ГIумру къурдулъ» абураб фильм цо республикаялъул гурел, Россиялъул цогидал регионаздаса маданияталъул вакилзаби гIахьаллъараб къецалъул бищун лъикIаллъун рикIкIарал 3 хIалтIулъе ккана, «Ежевикагун Бакълъул мухъалда» абураб Мордовиялдаса Ежевика Спиркиналъул гIахьаллъигун бахъараб «РекIел бакъан битIункккей» абураб фильм Москва шагьаралда тIобитIараб фестиваль-конкурсалда бищун лъикIаблъун рикIкIана ва сертификат щвана. ГIемерал шапакъатал щвана лъималазул искусствоялъул школаялъул тарбиячагIазеги мугIалимазеги. ЛъагIалие бахъараб планалда рекъон, 2022-абилеб соналъги ракIалда буго районалъул гIадамазе сухIмат-кеп гIуцIиялъул, ВатIан бокьиялъул, миллат цIуниялъул, рухIияб рахъ бечед гьабиялъул тадбирал къиматал даражаялда тIоритIизе»,- ян бицана Бика ГIабдулхIалимовалъ.

**Зугьра**
**ГIабдулкъадирова**

РИТМ ГУМБЕТА

# Жители села Тлярата Гумбетовского района высказались за благоустройство детской площадки

**Накануне в здании культурно-досугового центра села Тлярата Гумбетовского района прошло собрание граждан по вопросу проведения конкурсного отбора проектов местных инициатив муниципальных образований РД для получения субсидий на их реализацию.**

Глава администрации сельского поселения «Село Тлярата» Анвар Залумханов известил о том, что программа поддержки местных инициатив в Республике Дагестан направлена на решение проблем, которые жители самостоятельно определяют на собраниях. Выступавшие по вопросам повестки ознакомили собравшихся граждан с условиями участия в конкурсе проектов местных инициатив и с несколькими проектами, которые возможны для реализации на уровне сельского поселения. Для участия в данном проекте необходимо пройти конкурсный отбор. Чтобы победить, нужно собрать максимум баллов.

Голосовали по следующим социально значимым направлениям развития муниципального образования: строительство фельдшерского пункта,



благоустройство детской площадки, реконструкция здания КДЦ, строительство водозаборного сооружения, устройство твердого покрытия внутрисельской автомобильной дороги. По итогам голосования наиболее важным направлением было определено благоустройство детской площадки в с. Тлярата. Также на собрании было одобрено участие физических и юридических лиц в данном проекте и внесение денежных средств в размере 410 582,40 рублей для софинансирования. Общая сметная стоимость проекта – 2 566 140 рублей, меценатские средства – 410 582 руб., от района – до 179 000 рублей. Отметим, что глава МР «Гумбетовский район» Галип Галипов среди приоритетов выделяет вопросы образования, поддержки института детства и материнства, район принимает участие в профильных программах.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Читлинцы изъявили желание отремонтировать систему водоснабжения по программе «Местные инициативы»

**В 2022 году жители села Читль Гумбетовского района намерены принять участие в республиканской программе «Местные инициативы» с целью проведения капитального ремонта системы водоснабжения в данном населенном пункте.**

После общественных слушаний читлинцы проголосовали за реализацию этого проекта и благоустройство системы водоснабжения села. В настоящее время уже подготовлены соответствующие документы и подана заявка на участие в программе «Местные инициативы». Общая сметная стоимость проекта – 8 466 090 рублей, из них 1 351374 руб. – средства меценатов, а также муниципалитет планирует выделить 590 000 руб.

Отметим, что глава МР «Гумбетовский район» Галип Галипов часто посещает поселения муниципалитета, регулярно встречается с жителями, проводит приём граждан, решает актуальные вопросы людей, администрация района оказывает всевозможную помощь для реализации программ развития в сёлах.

**РИО «Гумбет»**

ДОКУМЕНТЫ

## Администрация муниципального района «Гумбетовский район»

РАСПОРЯЖЕНИЕ№36

21.03.2022 г.

### Об организации работы по регистрации работников в ГИС ЖКХ

**В целях исполнения протокола заседания регионального штаба по вопросам обеспечения газификации Республики Дагестан и устойчивого экономического развития предприятий энергетики и жилищно-коммунального хозяйства Республики Дагестан от 10.02.2022 №11/04-03:**

1. Рекомендовать ПАО «Россети Северный Кавказ», ООО «Газпром Межрегионгаз Махачкала» РД обеспечить:

1.1. Сверку и синхронизацию лицевых счетов общедомовых и индивидуальных приборов учета коммунальных ресурсов по каждому потребителю.

Срок до 24.03.2022 года.

1.2. Размещение на оборотной стороне платежного документа информации по регистрации личного кабинета в ГИС ЖКХ и привязки к нему лицевого счета по оплате за предоставленную услугу.

Срок до 24.03.2022 года.

2. Руководителям отделов администрации МР «Гумбетовский район» РД, муниципальных бюджетных учреждений и муниципальных казенных учреждений обеспечить регистрацию работников и членов их семей в ГИС ЖКХ с открытием личного кабинета и привязкой к нему лицевого счета предоставляемой коммунальной услуги, внесением показаний приборов учета коммунальных ресурсов и дальнейшей безналичной оплатой за коммунальные услуги.

Срок до 26.03.2022 года.

3. Настоящее распоряжение и информацию о преимуществах произведения оплаты за коммунальные услуги через личный кабинет в ГИС ЖКХ разместить на сайте администрации МР «Гумбетовский район».

4. Контроль за исполнением распоряжения возложить на заместителя главы администрации МР «Гумбетовский район» Маликова М.А.

**Глава МР «Гумбетовский район» Г.И.Галипов**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Единый телефон доверия для детей

**В России функционирует Единый Общероссийский телефон доверия для детей, подростков и их родителей.**

Единый Общероссийский телефон доверия для детей, подростков и их родителей 8-800-2000-122 заработал 1 сентября 2010 года.

Кто был первый абонент - ребенок или взрослый? Что беспокоило его в тот момент? Этого мы рассказывать не будем: конфиденциальность изначально была главным условием работы службы экстренной психологической помощи, созданной по инициативе Фонда поддержки детей, находящихся в трудной жизненной ситуации. Одно можно сказать точно: на том конце провода позвонивший услышал в ответ голос человека, который реально готов выслушать и помочь.

Принципы работы единого федерального номера телефона доверия для детей, подростков и их родителей: набираете номер, происходит определение региона, из которого звонят, звонок переадресуется в службу вашего региона, если линия занята, звонок переадресуется во вторую службу этого региона и т.д., пока не ответит психолог. В службе телефона доверия работают прошедшие специальную подготовку психологи-консультанты.

Их главная задача - снять остроту психоэмоционального напряжения, переживаний, которые испытывает звонящий в данный момент, и уберечь юного или взрослого собеседника от опрометчивых и опасных поступков, вместе с абонентом проанализировать ситуацию, выявить ее причины, подсказать алгоритмы выхода из сложившегося положения, мотивировать человека на то, чтобы он сам постарался решить проблему. Общение с психологом абсолютно анонимно: называть свое имя, фамилию адрес никто не потребует, счета за разговор, каким бы длительным он не получился, не последует - звонок с любого мобильного или стационарного телефона бесплатный.

**Д.И.Исрапов, врио начальника ОМВД РФ по Гумбетовскому району**

РИТМ ГУМБЕТА

## Ингишинцы поддержали проект по капремонту внутрисельской дороги



**Накануне в селе Ингиши Гумбетовского района прошло собрание жителей, в рамках которого обсудили вопросы реализации республиканской программы «Местные инициативы» на территории поселения.**

Так, ингишинцы приняли решение благоустроить внутрисельскую дорогу и систему уличного освещения на ул. Центральная. На собрании была избрана инициативная группа, которая будет заниматься подготовкой соответствующих документов для предоставления в Минэкономразвития РД.

Напомним, что глава МР «Гумбетовский район» Галип Галипов уделяет значительное внимание претворению в жизнь в муниципалитете федеральных, республиканских программ и проектов.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## В селе Нижнее Инхо планируется реализовать программу «Местные инициативы»

**Жители села Нижнее Инхо Гумбетовского района проголосовали за благоустройство системы освещения на улице Центральная и ливневого стока на улице Эрдахская.**

Как отметили нижнеинховцы, претворение в жизнь на территории населенных пунктов республиканской программы «Местные инициативы» – это подспорье в облагораживании общественно-значимых мест, повышении качества жизни гумбетовцев. Общая сметная стоимость данного проекта – 6 545 000 рублей, из них средства мецената – 1 093 015 руб., от администрации района планируются средства до 458 000 рублей.

Напомним, что вопросы претворения в жизнь федеральных и республиканских программ глава МР «Гумбетовский район» Галип Галипов держит на личном контроле.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Цилитлинцы проголосовали за капремонт улиц Центральная и Наклонная в рамках программы «Местные инициативы»

**Жители села Цилитль Гумбетовского района изъявили желание принять участие в республиканской программе «Местные инициативы».**

В ходе сельского собрания цилитлинцы приняли решение облагородить улицы Центральная и Наклонная. Общая сметная стоимость данного проекта – 3 145 000 рублей, из них 50 3200 рублей – средства меценатов, от муниципалитета планируется выделить порядка 220 000 рублей.

Отметим, что глава Гумбетовского района Галип Галипов в рамках рабочей поездки совершил обход высокогорного села Цилитль, выслушал жителей, определил приоритетный круг задач в целях повышения качества жизни населения.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Ичичалинцы намереваются провести капремонт водопровода по программе «Местные инициативы»

**Жители села Ичичали Гумбетовского района планируют отремонтировать подводящий водопровод по республиканской программе «Местные инициативы».**

Администрацией района подготовлены соответствующие документы для участия в конкурсе данного проекта. Отметим, что ремонт водопровода по указанному проекту даст возможность обеспечить ичичалинцев качественной питьевой водой, а также улучшить качество жизни сельчан. Общая сметная стоимость проекта – 5 688 994 рублей, из них 910 239 руб. – средства меценатов, муниципалитетом запланировано выделить – до 398 000 руб.

Глава Гумбетовского района Галип Галипов уделяет большое внимание социально-экономическому развитию родного края, вопросы реализации проектов руководитель муниципалитета держит на личном контроле.

**РИО «Гумбет»**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Аттестат №389287 об окончании 9 классов, выданный 27.06.1990 года Игалинской средней школой Гумбетовского района на имя Ухумаева Айгуна Ариповича считать утерянным и недействительным.**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.